


# EDE ANPLWAYE W YO JWENN SWEN SANTE GRASA NYC CARE



Nan Nouyòk, nou kwè ke chak Nouyòkè gen dwa pou yo jwenn aksè nan swen primè, swen prevansyon, ak swen sante espesyalize **san gade sou sityasyon yo ak imigrasyon oswa kapasite yo genyen pou yo peye**. Antanke yon patwon ou se yon patnè kle nan ede anplwaye w yo rete an sante epi an sekirite.

Bay swen sante de kalite epi ki konplè te toujou rete yon bagay fondamantal pou NYC Health + Hospitals, sistèm sante piblik Vil la. Pandan COVID-19 te afekte tout Nouyòkè yo, enpak la pi gran toujou pou sila yo ki pa gen aksè nan swen sante konplè. NYC Care, pwogram ki bay aksè nan swen sante ke NYC Health + Hospitals ap jere a ap kontinye konble eka sa yo nan objektif pou mete tout kominote Nouyòk yo an sante, pandan nou kontinye ap fè fas kare epi chèche soti nan defi pandemi sila. **Pou ede anplwaye ou yo ki pa gen asirans jwenn swen sante yon manyè ki abòdab, tanpri pale yo de posibilite pou yo vin manm NYC Care jodi a.**

**NYC Care** garanti sèvis swen sante ki gratis osinon ki pa chè ak Abitan Vil Nouyòk yo ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante.

## POUKISA OU SIPOZE PANSE AK NYC CARE

- C** Ou **sousye w (care)** de sante anplwaye w yo. Yo pèmèt biznis ou kontinye mache, yo kontribye nan siksè w, epi ou vle yo santi yo byen.
- A** Anplwaye ou yo ap gen *mwens* **absans (absences)** nan travay la, lè yo gen aksè nan swen regilye, swen prevansyon tankou tès si yo an sante ak vaksen.
- R** W ap **kenbe (retain)** anplwaye ou yo plis, si yo konnen ou sousye de sante yo ansanm ak sante fanmi yo.
- E** Sa ap pèmèt ou ogmante **randman (efficiency)** ak pwodiktivite lè ou ede anplwaye ou yo gen yon vi ki bon pou lasante.

## Kòmansè konvèsasyon konsènan NYC Care ak Anplwaye ou yo

Men yon ti eskrip tou piti ki ka ede w, ladan w ap jwenn kesyon moun konn poze souvan konsènan pwogram lan.

- + Sante w enpòtan pou nou.
- + Si w malad, tanpri rete lakay ou epi pran swen tèt ou.
- + Mwen te vle tou pataje avèk nou enfòmasyon konsènan **NYC Care**, ki se yon pwogram ki bay Abitan Nouyòk ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante aksè nan swen sante ki pa chè osinon ki gratis.
- + Apre w fin yon manm nan pwogram sa a, ou kapab:
  - Pran premye randevou w ak founisè swen prensipal ou a nan de (2) semèn oswa mwens.
  - Jwenn sipò tout yon ekip swen primè ki gen ladan l enfimye, pwofesyonèl sante mantal, asistan medikal, travayè sosyal, famasyon ak nitrisyonis.
  - Rele Sant Apèl NYC Care nou an, disponib 24 sou 24 / 7 jou sou 7, lè w bezwen èd.
  - Jwenn aksè 24 sou 24 / 7 jou sou 7 nan medikaman yo preskri w ki pa chè, ak renouvèlman dòz medikaman pandan lannwit lè sa nesèsè.

### **K: Ki kote mwen ka itilize NYC CARE?**

**R:** NYC Care aktyèlman ofri manm yo yon rezo founisè ak sèvis nan sant NYC Health + Hospitals yo. Pou w jwenn yon lis adrès lopital NYC Health + Hospitals, rele Sant Kontak NYC Care a nan **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)** oswa vizite [nyccare.nyc](http://nyccare.nyc).

### **K: Èske mwen kalifye pou NYC Care?**

**R:** Pou w detèmine si w elijib, rele nan **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)** jodi a.

### **K: Konbyen m ap gen pou m peye pou sèvis yo?**

**R:** Pa gen okenn frè pou w enskri, prim pou w peye oswa frè mansyèl. Pri pou w resevwa swen sante depann sou gwosè fanmi w ak revni w, li kòmansè apati de \$0. Pou plis enfòmasyon, tanpri al gade nan [nyccare.nyc](http://nyccare.nyc) pou w wè tablo tarif nou an.

### **K: Èske NYC Care se yon asirans sante?**

**R:** NYC Care se yon pwogram aksè a swen sante ki ofri yon rezo founisè nan sant NYC Health + Hospitals yo atravè tout vil la. Kontrèman ak asirans sante, pa gen okenn frè pou w enskri, prim pou w peye oswa frè mansyèl.

### **K: Mwen deja gen yon asirans. Èske mwen sipoze ba l vag epi enskri nan NYC Care.**

**R:** Si w gen asirans sante aktyèlman, pa ba l vag. Moun ki elijib pou asirans kit li se nan travay yo, nan Marketplace lan, oswa nan Medicaid, yo sipoze enskri nan pwogram yo kalifye pou li a.

### **K: Kòman mwen ka jwenn plis enfòmasyon epi enskri nan NYC Care?**

**R:** Rele nan **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)**. Nou pale lang ou a! NYC Care gen patnè tou nan òganizasyon kominotè yo ki ap sipòte sansibilizasyon ak enskripsyon. Ou kapab al gade tou nan [nyccare.nyc](http://nyccare.nyc) pou w jwenn plis enfòmasyon epi pou w wè lis aktyèl patnè kominotè yo

### **K: Kijan mwen ka jwenn gid yo?**

**R:** Tanpri al gade nan [nyccare.nyc/resources](http://nyccare.nyc/resources) pou w telechaje materyèl yo nan 14 lang.



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

Haitian Creole\_08/20

**NYC**  
**HEALTH+**  
**HOSPITALS**

